

Rapèl: Vin patisipe nan yon aktivite sou admisyon nan fen ane Lekòl segondè a!

Chè fanmi,

N pa raple w pou patisipe nan dènye sesyon enfòmasyon nou an k ap fèt an jen sou admisyon nan lekòl segondè! Si w vle dekouvri lòt opsyon ou genyen apre òf lekòl segondè w lan, w ap toujou bezwen yon òf pou otòn lan, oswa si w gen kesyon sou pwochen etap yo, tanpri vin patisipe avèk nou! Aprè prezantasyon an, n ap reponn kesyon ou genyen.

Nou ankouraje tou fanmi elèv klas 9yèm ane ki enterese yo pou patisipe. Sonje, si w te patisipe avan nan sesyon ki te fèt 12 jen an, ou pa bezwen patisipe ankò piske se menm enfòmasyon yo nou pral bay.

- **Jedi 20 jen, 5pm pou 6pm** | Aktivite a ap fèt ann anglè.
Entèprètasyon disponib nan Chinwa (Mandaren), Kreyòl ayisyen, ak Ris.

Kòman pou patisipe:

Aktivite a ap fèt andirèk (live). Klike la a: <https://bit.ly/June2024HSEvent> pou patisipe avèk nou sou Zoom nan lè aktivite a ap kòmanse.

- ID Webinar: 929 3152 1956
- Modpas: 123456
- Pou odyo nan telefòn:
 - US+ 16469313860
 - Liy konferans: 92931521956#
 - Modpas: 123456#

REMAK ENPÒTAN: ale sou schools.nyc.gov/HS epi klike sou seksyon Patisipe nan sesyon enfòmasyon sou admisyon (“Attend Admissions Information Sessions”) avan aktivite a kote w ap jwenn nimewo telefòn pou rele pou mande entèprèt nan chak lang .

N ap kontan wè w patisipe!

Ekip admisyon lekòl segondè a
Biwo enskripsyon elèv



Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w [mete non w sou lis imèl](#) lekòl segondè nou an. Si w pa vle resevwa imèl ankò ki soti nan youn oswa nan okenn lis imèl nou yo, tanpri klike [la a](#) pou dezabone.